

## Lèt enfòmasyon vaksen paran

---

(Gen enfòmasyon anplis ki disponib sou [regiscollege.edu/covid19](https://regiscollege.edu/covid19))

### Apèsi Jeneral

- Tout endividi k ap viv, aprann, oswa travay nan kan Weston dwe vaksinen totalman kont COVID-19 rive lendi 16 out 2021.
- Vaksen COVID-19 yo se eleman enpòtan pou nou retounen nan lavi nòmal avan pandemi an. Sante ak byennèt kominote a rete yon gwo priyorite, epi se ajans sante piblik lokal ak eta a, ekspè medikal nou yo ak Ekip Repons COVID-19 nou yo ki gide desizyon sa a.
- Vaksen an efikas nan diminye risk maladi grav, ospitalizasyon, ak lanmò akòz de viris la. Pwopagasyon viris la pral pral limite yon fwa majorite popilasyon an vaksinen.
- Tout vaksen COVID-19 ki disponib aktyèlman nan Etazini te pwouve ke yo san danje ak efikas anpil pou bare wout COVID-19.
- Etidyan yo ap sèlman gen obligasyon pataje enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine kondisyon vaksinasyon oswa egzonerasyon yo.
- Etidyan ki san dokimasyon vaksinasyon oswa yon egzonerasyon valid (relijyon, medikal) ap konsidere pa konfòm ak politik vaksinasyon COVID-19 inivèsite a. Yo p ap otorize yo etidye an pèsòn sou Kanpis Weston nan epi yo gendwa anpeche yo patinise nan nenpòt plasman klinik obligatwa andeyò sit la. Opsyon a distans pou fè pwogrè akademik pral limite anpil.
- Paran yo ta dwe kontakte yon manm nan ekip Zafè Etidyan an ([student.affairs@regiscollege.edu](mailto:student.affairs@regiscollege.edu)) ki ka pataje resous anplis ak enfòmasyon.

### Soumèt enfòmasyon vaksinasyon

- Etidyan yo pral soumèt enfòmasyon vaksinasyon yo sou de platfòm:
  - Coverified: Yon aplikasyon mobil kote yo soumèt dat vaksen final COVID-19 yo ak yon foto kat vaksinasyon yo
  - CastleBranch: Sa fè pati soumisyon tout dosye sante ak vaksinasyon yo pou nouvo ane lekòl la.

## Rekòmandasyon kalandriye vaksen COVID-19

- Yo konsidere ke yon moun totalman vaksinen:
  - De semèn apre dezyèm dòz yo nan yon seri de dòz, tankou pou vaksen Pfizer oswa Moderna, oswa
  - De semèn apre yon vaksen yon sèl dòz, tankou vaksen Janssen Johnson and Johnson nan
  
- Dòz 1 Nesèsè:
  - Rive 5 jiyè (Moderna)
  - Rive 12 jiyè (Pfizer)
  
- Dòz 2 Nesèsè:
  - Rive 2 out (Oswa sèl dòz Johnson & Johnson)
  
- Totalman Vaksinen:
  - Rive 16 out (De semèn apre dènye dòz la)

## Egzonerasyon

- Etidyan ki genyen yon kondisyon medikal, andikap kalifye, oswa sou baz yon kwayans, pratik, oswa obsèvasyon relijye sensè; gendwa jwenn egzonerasyon pou obligasyon pou pran vaksinasyon COVID-19 ak fòm soumisyon egzonerasyon an.
  
- Fòm pou ni egzonerasyon relijye ak medial disponib sou sitwèb COVID-19 Regis College la.